# MIFOLOGIYALÍQ QUS OBRAZÍNÍŃ TÚRKIY XALÍQLAR FOLKLORÍNDA ÚYRENILIWI

**G.B.Kabilova** – *tayanısh doktorant*
*Ózbekstan Respublikası Ilimler akademiyası Qaraqalpaqstan bólimi*
*Qaraqalpaq gumanitar ilimler ilim-izertlew institutı*

**Tayanch so'zlar:** mif, mifologiya, folklor, obraz, ertak.
**Ключевые слова:** миф, мифология, фольклор, образ, сказка.
**Key words:** myth, mythology, folklore, image, fairy tale.

**Kirisiw**. Xalıq awızeki dóretpelerinde mifologiyalıq obrazlar ásirler dawamında jasap kelgen. Mifologiyalıq obrazlar eń áyyemgi insanlardıń jaratılısqa dáslepki túsinikler sisteması nátiyjesinde júzege kelgen mifler tiykarında payda bolǵan bolıp, erteklerde ózine tán ózgesheliklerge iye bolıp keledi. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerindegi usınday mifologiyalıq obrazlardan biri qus obrazı ertekte bas qaharmanǵa maqsetine jetiwinde járdemshi bolıwı, ertek syujetinde jawız kúshler ústinen jaqsılıqtıń jeńip shıǵıwı ushın kóp xızmet atqarıwı menen ajıralıp turadı.

Quslarǵa bolǵan isenimler eramızdan burınǵı áyyemgi mısır xalqınıń kóp qudaylıqqa sıyınıw, qusqa, ógizge, pıshıqqa sıyınıw, olardı quday sıpatında tán alıwı sıyaqlı túsiniklerine baylanıslı bolıp keliwi menen birge eramızdıń bir mıńınshı jıllıqlarda basqa baslanǵısh dinlerde qayta sáwlelene basladı. Quslarǵa, ulıwma haywanat dúnyasın ilahiy dep biliw, olarda káramatlı kúshler bar ekenine iseniw bul totemizm menen baylanıslı. Totemlik isenimler xalıq awızeki dóretpelerindegi quslardıń insan sıyaqlı pazıyletlerge iye bolıwında kórinedi. Fetishizm, animizm, totemizm túsinikleri eski zardushtiylik dininen qalǵan miflik isenimge aylanǵan, házirgi awızeki dóretpelerde miflik obraz yamasa miflik syujet sıpatında qáliplesip qalǵan túsinikler. Insanlardıń quslarǵa isenimi, olarǵa sıyınıwshılıq máresimleri eń dáslep "Avesto" jazba esteliginde kózge taslanadı. Estelikte Varage qusı ullılanıp, ol baxıt qusı sıpatında túsindirilgen. Yaǵnıy kimde bul qustıń pári bolsa, sol insanǵa áwmet qusı hámiyshe joldas boladı, dushpanlar menen gúreste áwmetli bolıp, jumısı ońınan keledi, jaqsılıq hám jamanlıqtıń gúresinde jaqsılıq táreptiń jeńip shıǵıwında tilekles boladı. Sonday-aq, estelikte Senemurg qusı haqqında da aytılǵan bolıp, bul qus túrkiy xalıq awızeki dóretpelerine usı estelik tiykarında kirip kelgen bolıwı itimal hám ol búgingi kún xalıq awızeki dóretpelerinde mifologiyalıq obraz sıpatında qaraladı.

**Ádebiyatlarǵa sholıw.** Keyingi dáwirlerde quslardıń kórkem dóretpelerdegi ózine tán obrazları tek ǵana folklortanıw yaki ádebiyattanıwdıń izertlew obyekti bolıp qalmastan tábiyiy pán wákillerin de qızıqtıra baslaǵan. Usınday izertleniwlerden quslar boyınsha iri kólemdegi miynet biologiya ilimleriniń doktorı, haywanlar rawajlanıwı boyınsha iri qánige, Sank-Peterburg mámleketlik universiteti professori O.M. Ivanova-Kazas tárepinen jazılǵan. Alım quslardı tek biologik tárepinen emes, al mifologiyalıq, folklorlıq hám kórkem ónerdegi obrazların da tereń úyrengen. Professori O.M. Ivanova-Kazastıń usınday máselege arnalǵan "Mifologiya, folklor hám kórkem ónerdegi quslar" miyneti dúnyaǵa belgili iri kólemli miynet esaplanadı [1]. Kitapta miflik áńgimeler, isenimler tiykarında quslarǵa qanday múnásibet bolǵanlıǵın, áyyemde insanlar tárepinen quslarǵa qıyalıy túsinikler menen muqaddes esaplanǵanlıǵı, kórkem ádebiyat hám kórkem ónerde quslar qanday dárejede qamtıp alınǵanı haqqında qunlı maǵlıwmatlar keltirilgen.

Quslarǵa isenim, olarǵa kult sıpatında qaraw kópshilik túrkiy xalıqlar úrp-ádetinde saqlanǵan. Bashqurt xalqı folklorında da quslar kult esaplanıp, búgingi kúnge deyin quslarǵa baylanıslı milliy máresimler ótkerip, olarda ilahiylik kúsh bar ekenine isenedi. Bashqurt xalqınıń folklorında quslardı kult dep biliwi hám diniy isenimleri boyınsha izertlew bashqurt xalqı alımı A.F.Ilimbetova tárepinen alıp barılǵan. Alımnıń "Bashqurtlar diniy-mifoloiyalıq sistemasındaǵı quslar kultı", "Bashqurtlardıń milliy dúnyatanımında miflik Qumay qusı obrazı" ilimiy maqalaları bar [2]. Avtordıń izertlewlerinde kult quslar esaplanǵan Qumay, búrkit, kepter, tırna, ópepek, úyrek, aqqus obrazları bashqurt xalqınıń iseniminde totemlik sıyınıw máresimleriniń individual sıpatlamaları, olardıń jańa dáwirde evolyuciyalıq jolları, mifologiyalıq ideyaları tiykarında búginge deyin bashqurt xalqınıń milliy qádiryatlarınıń kórinisi sıpatında úyrenilgen.

Mifologiyalıq obrazlar tek ǵana folklorlıq janrlar sheńberinde qalıp qoymastan jazba ádebiy shıǵarmalarda da jiyi ushırasadı. Tatar xalqınıń zamanagóy jazba ádebiy shıǵarmalarındaǵı mifologiyalıq quslardıń epik-syujet sistemasında hám lirikasında ayrıqsha orın tutıwı tatar xalqı folklorı hám ádebiyatı izertlewshisi, docent R.X.Sharyafetdinovtıń ilimiy jumıslarında aytıp ótilgen. Avtordıń "Qustıń mifologiyalıq kórinisi tatar xalqı mádeniyatınıń zamanagóy ádebiyattaǵı sáwlesi sıpatında" dep atalǵan ilimiy izertlewi usı temaǵa arnalǵan [3].

Ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde de quslar obrazı jiyi gezlesedi. Erteklerinde, ápsanalarında qus obrazı bas qaharmanǵa járdemshi, qaharmannıń maqsetine jetiwinde tilekles bolıp beriledi. Qus obrazınıń totemlik belgileri, kultlik qásiyetleri ózbek folklorist alımlarınan M.Jóraev, K.Imamovlardıń miynetlerinde aytılıp ótilgen. K.Imamov mifologiyalıq quslardıń formalıq dúzilisi, jasaw ortalıǵı, folklorlıq janrlarda atqaratuǵın funkciyasın óz aldına tiplestirip úyrenedi [4:23].

Qaraqalpaq folklortanıwında Q.Maqsetov, I.Saǵitov, S.Bahadirovalar miynetlerinde ulıwma kólemde mifologiyalıq obrazlarǵa sıpatlama berilgen. Sonday-aq, qaraqalpaq xalıq erteklerin arnawlı izertlegen Q.Mámbetnazarov qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde ushırasatuǵın Suymurıq qus obrazın qaharmanǵa járdemshi personaj sıpatında táriyipleydi [5:41]. Qaraqalpaq ádebiyatı izertlewlerinde Sh.Arziev tárepinen "Ibrayım Yusupov poeziyasında quslar obrazı" temasında islegen doktorlıq (PhD) jumısın atap ótsek boladı. Avtor dissertaciya jumısınıń birinshi babında qaraqalpaq folklorında quslar obrazınıń jasalıwına arnawlı toqtap, qaraqalpaq xalıq qosıqları hám dástanlarındaǵı quslar obrazların ilimiy-teoriyalıq tárepten úyrenip, xalıq dástanları hám xalıq

qosıqlarınan mısallar keltirip analizlegen. Joqarıda keltirip ótken alımlardıń ilimiy kózqaraslarınan tısqarı qaraqalpaq folklortanıwında qus obrazı boyınsha arnawlı jumıs ele qolǵa alınbadı.

**Talqılaw hám nátiyjeler.** Túrkiy xalıqlar foklorında qus mifologiyalıq obraz sıpatında túrli wazıypalardı atqaradı hám túrli semantik mánilerge iye bolıp keledi. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde mifologiyalıq qus obrazı xalqımızdıń erte dáwirdegi isenimleri tiykarında miflik sıpattı ózinde qáliplestirip qalǵan. Usınday mifologiyalıq quslar obrazınan Suymurıq qus, kepter, Qaraqus sıyaqlı quslar ushırasadı. Bul obrazlar ertek syujetiniń kórkemligin asıradı hám insanlardıń áyyemgi totemlik isenimlerin kórsetedi. Sıyqırlı erteklerde ásirese Suymurıq qus jaqsılıq tımsalı sıpatında jiyi ushırasadı. Suymurıq ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde Semurǵ, qazaq xalqında Samruk, qaraqalpaq xalıq erteklerinde Suymurıq atamalarında beriledi. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde bul obrazlardıń kórinisi Suymurıq qus, kepter, Qaraqus, aqquw obrazlarında súwretlenedi. Mısalı, sıyqırlı erteklerden "Qıran", "Aqquwbay patsha", "Nurqızarın", "Egiz bala", "Muratqan" h.t.b bir neshe erteklerinde jaqsılıqqa xızmet etiwshi, insannıń járdemshi dostı obrazında ushırasadı [6].

Suymurıq qusı menen baylanıslı ertekler qazaq xalıq erteklerinde de bar bolıp, qazaq alımı S.Qasqabasovtıń maǵlıwmatlarına qaraǵanda qazaq xalıq erteklerinde "Samruk degen úlken qus palapanların qutqarǵan qaharmandı jarıq álemge alıp shıǵadı hám bir dana párinen beredi. Eger basıńa awır is tússe, párdi kúydirseń qasıńda tayın bolaman" deydi. Ertek dawamında haqıyqattan bala párdi kúydiriw jolı menen Samruktı járdemge shaqıradı [7]. Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde de Suymurıq qus usı taqılettegi súwretlewde berilgen. Mısalı, "Gúlziyba hám Meytin" erteginde qarańǵılıq áleminiń, jawızlıqlardıń, jábir-zulımnıń wákili aydarha Suymurıqtıń balaların joq qılıwǵa háreket etkende bas qaharman járdemi menen palapanları aman qalıp, Suymurıq qus qaharmanǵa jaqsılıǵın qaytarıw ushın oǵan qıyın jaǵdaylarǵa túsip qalǵanında járdem beriwi ushın párin berip, tútetse sol waqıtta tayın bolıwın aytadı [8:79]. Eki xalıq erteginde de Suymurıq qus birdey obrazda ushırasıp, birdey funkciya atqarıp kelgen. Qustıń bunday qásiyeti ózbek xalıq awızeki dóretpelerinde de ushırasadı. Suymurıq qus – túrkiy xalıqlar hám parsı mifologiyasında ushıraytuǵın hám keyingi dáwirlerde jazba ádebiy shıǵarmalarǵa da kóshken miflik obraz. Bul qus erteklerde de unamlı obraz esaplanıp, úlken qanatlarǵa iye bolǵan, ádette ertek qaharmanına járdem beretuǵın qaharmandı bir orınnan ekinshi orınǵa, yaǵnıy kóz ashıp jumǵansha jetkeretuǵın obraz. Bul qus haqqında insanlar arasında dúnyanıń shetinde jasaydı hám álemdi uslap turadı, bul qustı hámme de kóre almaydı, kórgen insannıń barlıq niyetleri ámelge asadı degen túsinikler bar. Usı jerde Suymurıq qusınıń úlken Qumay qus penen genetik baylanısın kóriwge boladı. Eń dáslep bul qus parsı mifologiyasında payda bolǵan. Islam dini kirip kelgennen keyin bul qus ózgeshe kóriniske endi. Máselen, parsı shayırı Fariddidin Attardıń "Matiq-ut-tayr" shıǵarmasında haqıyqıy ilim sáwlesi, jaratıwshılıq hám jaratıw sımvolı sıpatında túsindirilgen. Alisher Nawayınıń "Lisan-ut-tayr" dástanında Suymurıq obrazı kórkem-estetik ideal, birlik hám erkinlik, álem túsinigin birliktegi miynette túsiniwin sáwlelendiredi. Eki shıǵarmada da bas oraylıq qaharman Suymurıq qus. Dúnya xalıqları arasında da bul qus tanımalılıqqa iye bolıp, ol haqqındaǵı ayırım miflik áńgimelerde qıtay xalqınıń ústinen ushıp ótkende bir párin taslap ketken eken, sonlıqtan ol jerde súwretshilik óneri jaqsı qáliplesken, sonday-aq, Suymurıq qus obrazı grek mifologiyasında adamlarǵa ot penen ónerdi úyretken Prometeyge de jaqınlasadı, degen kózqaraslar da joq emes.

Ózbek xalqınıń "Genje batır" erteginde qaharman pár tawıp aladı hám ol qaharmanǵa ertek syujetinde áwmet keltiredi [9]. Bul túrkiy xalıq erteklerindegi qus páriniń ertektegi birdey funkciyası dástúriy poetik tımsallıq súwretlew bolıp, qaharmannıń járdemshi kúshi sıpatında mifologiyalıq túsiniklerdi ózinde sáwlelendiriwi menen xarakterlenedi. Túrkiy xalıqlar awızeki dóretpelerinde quslardıń magik qásiyetiniń birdey funkciyada ushırasıwı Orta Aziya aymaǵındaǵı xalıqlar óz aldına bólinip ketpesten burınǵı sanasında qáliplesken totemlik isenimler hám birdey mifologiyalıq túsinikleri menen baylanıslı.

Qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinde jáne bir kult esaplanǵan qus – bul kepter obrazı. Áyyemnen xalqımız arasında kepter kiyeli qus sıpatında qaralǵan. Ata-babalarımız kepter baǵıwdı insanlardıń eń gúnalı islerinen biri sıpatında kórsetip ketken, olardıń aytqanlarına qaraǵanda musılmanlardıń ullı kitabı Quranda da kepter kiyeli qus ekenligi, kimde kim bul qustı májbúriy uslap baqsa gúnalı ekenligi keltirilgen.

Biziń pikirimizshe, kepterdiń kiyeli, kult qus sıpatında túsiniliwi onıń eń dáslep insanǵa jaqın ekenligi menen xarakterlenedi. Sebebi, áyyemgi insanlardıń animistik túsiniklerinde insannıń janı tikkeley kepter kórinisinde bolǵan. Sonıń ushın da bul qus xalıq arasında kiyeli qus esaplanǵan.

Kepter obrazı qaraqalpaq xalıq sıyqırlı erteklerinen "Qıran", "Aqquwbay patsha", "Egiz bala", "Waqıtsha laqaplı bala" erteklerinde ushırasadı [6].

"Qıran" hám "Aqquwbay patsha" erteginde qaharmannıń súyikli yarları kepter kórinisine kiriwi, "Egiz bala" erteginde kepterlerdiń xalıqtıń jasap turǵan ornına jawızlıq áleminiń húkimdarı aydarhanıń topılıs jasawınıń aldın alıwda insanǵa járdem beriw obrazında, "Waqıtsha laqaplı bala" erteginde bolsa qaharmanǵa jawız, insan jaratılısınıń bas dushpanlarınıń biri mástan kempirdi jeńiwde járdemshi obrazlarında súwretlengen [6]. Joqarıda keltriligen erteklerdegi quslar obrazlarınıń insan menen tikkeley baylanıslı túrde súwretleniwi áyyemgi dáwir animistik túsinikler sáwlesi esaplanıp, ózbek alımı M.Jóraev awızeki dóretpelerdegi qus penen baylanıslı túsiniklerdi animistik kózqaraslar menen baylanıstıradı.

**Juwmaq**. Ulıwmalastırıp aytqanda, insanlar quslarǵa baylanıslı áyyemgi totemlik isenimlerdi evolyuciyalıq ózgerisler nátiyjesinde real turmısınan áste bólip alıp, olardı sanalıq rawajlanıw basqıshlar tásirinde erteklik áńgimeler tiykarında ózleri ańlamaǵan jaǵdayda mifologiyalıq obrazlar sıpatında qáliplestirip barǵan. Búgingi kún xalıq awızeki dóretpelerindegi quslardıń miflik qásiyeti jaqsılıq koncepsiyasınıń baǵdarında xızmet

atqaradı. Áyyemgi insanlar sanasında quslardıń adamnıń janı túsiniginde qáliplesiwi, olardıń miflik túsinikleriniń real kórinisin sıpatlap beredi. Sanalıq oylaw baǵdarınıń jetilisiwi menen miflik túsinikler kórkem pikirlewlerge ózgerip baslaǵan. Nátiyjede áyyemgi totemlik isenimler kórkem mifologiyalıq obrazlarǵa aylanǵan.

**Ádebiyatlar**


1. Иванова-Казас О.М. Птицы в мифологии фольклоре и искусстве. – Санк Петербург: «Нестор-История», 2006.
2. Илимбетова А.Ф. Культ птиц в религиозно-мифологической системе башкир. // Самарский научный вестник. 2023.Т. 12, № 1.
3. Шаряфетдинов Р.Х. Мифологический образ птицы как отражение культуры татарского народа в современной литературе. Художественный текст и литературный процесс. // Наука и школа. 2021. № 5.
4. Имомов К. Ўзбек фольклорида Ҳумо қуши. // Ўзбек тили ва адабиёти. 2011. №5.
5. Мәмбетназаров Қ. Қарақалпақ халық ертеклери. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1981.
6. Қарақалпақ фолъклоры. Қарақалпақ халық ертеклери XX томлық / I том. – Нөкис: «Қарақалпақстан», 1977.
7. Қасқабасов С. Қазақтың халық прозасы. –Астана: «Foliant», 2014.
8. Қарақалпақ фольклоры. 100 томлық. 67-76 том. –Нөкис: «Илим», 2014.
9. Ўзбек халқ ертаклари. II томлик. I том. –Тошкент: «Фан», 1963.



**REZYUME.** Maqolada turkiy xalqlar folklorida ibtidoiy mifologik qush obrazining oʻrganilish tarixi, folklor janrlarida oʻziga xos xususiyati haqida ilmiy-nazariy jihatdan mulohazalar yuritildi. Mifologik qush obrazining xalq ogʻizaki ijodida totem ishonishlari asosida yuzaga kelgani va bu mifologik obraz sifatida badiy xizmat bajarishi haqida ilmiy fikrlar berildi.

**РЕЗЮМЕ.** В статье даны научно-теоретические комментарии к истории изучения первобытного мифологического образа птицы в фольклоре тюркских народов, его своеобразию в фольклорных жанрах. Приведены научные мнения о происхождении мифологического образа птицы в фольклоре народа на основе тотемных верований и художественного обслуживания этого мифологического образа.

**SUMMARY.** In the article, scientific-theoretical comments were made about the history of the study of the primitive mythological bird image in the folklore of Turkic peoples, its unique feature in folklore genres. Scientific opinions were given about the origin of the mythological bird image in the folklore of the people based on totem beliefs and the artistic service of this mythological image.


## АРХАИКАЛЫҚ ЭПОСЛАРДАҒЫ АТ ОБРАЗЫ


**А.А.Көшекова** – *филология илимлериниң кандидаты, профессор*

*Қазақ миллий қызлар педагогикалық университети*

*Қазақстан Республикасы, Алма-ата*



**Таянч сўзлар:** от образи, халқ достонлари, архаик ва мифологик мотивлар, классик қаҳрамон, бадиий ўзига хосликлар.

**Ключевые слова:** образ коня, народный эпос, архаические и мифологические мотивы, античный герой, художественные особенности.

**Key words:** image of a horse, folk epics, archaic and mythological motifs, classical hero, artistic peculiarities.


**Кирисиў**. Архаикалық (әййемги эпослар) эпослардағы ат образы изертленип, олардың гейпара эпос нусқалары («Ер Көкше» ҳәм «Желкилдек» эпослары) арқалы тереңирек, жан-жақлама талланған.

Туўынды архаикалық эпослардың өзгешеликлери, өзине тән характери ҳаққында сөз ететуғын болсақ, оларға қаҳарманлық, батырлық эпослардағы ат образын жаратыўдың элементлери сиңген. Архаикалық мотивлердиң көплеп сақланыўына қарамастан, олардағы ат образы әййемги эпослардағыдай жеке ҳәм дара, ғәрезсиз қаҳарман дәрежесинде көринбейди ҳәм усы эпосларда фантастикалық, архаикалық-мифологиялық мотивлер кейинги дәўирдиң уғым-түсиниклери көзқарасынан талқыланып, байытылып барылған.

**Тийкарғы бөлим.** «Қубығул» эпосы қартайған, «тап жетписке жас жетти» деген жаста болған Ўәли ханның баласыз, қуўбас болыўынан, пирлерден бала тилеўинен басланады [4:360-444] Қартайған ханның (яки басқа турмыслық дәрежедеги каҳарманның) баласыз болыўы, құдиретли күшлерден перзент тилеўи – түркий халықлары эпосындағы жүдә кең тарағен мотивлердиң бири. «Алпамыс» пенен «Қобыланлы» да усы тақылетте басланады. Ўәлихан бала тилеп, жер гезип жүрип, Баба түкли әўлийениң зыяратының басына қонып жатқанда «Ақ шалмалы ғарры адам» келип, «Тилегениңди берейин» деп, пәтия берип, Қубығул деген перзентли болатуғынын айтады. Қубығул жети жасқа келгенде түс көреди, түсине бир қыз енип:

Ханның баласы сен едиң,
Ханның қызы мен едим, -

деп, өзиниң Қубығулға ашық екенин айтып, мени излеп кел дейди. Бул мотив те ертек, эпосларда жүдә кең тараған, шығарманың басланыўына себеп болатуғын мотивлердиң бири. Түсинде көрген Шадыра ханның қызы Ақбилекти излеп жолға шыққан Қубығул «Жети баслы Айдарханы» гезлестирип, айқасып, шаўып өлтириўи, қаҳарманның жылан менен урысыўы да дүнья фольклорындағы кең тараған мотивлердиң бири. В.М.Жирмунский: «Жылан менен урысыў қаҳарманлық ертектиң ең әййемги сюжетлериниң бири (Аарне каталогында № 300)» деп жазады [1:26]. «Тутасы менен алғанда жылан менен урысыў хаққында қубла славянлық қосықлар мәмлекетке дейинги эпостан басланған...» деп жазады Б.Н.Путилов [2:37]. Лекин, орыс былиналарына жылан менен урысыў мотивиниң кирип келиў жоллары хаққында В.М.Жирмунскийдиң: